

GLOSÈ SOU MO YO UTILIZE SOUVAN NAN EGZAMEN

Analiz sou Ka Nòt – bay pousantaj elèv ki gen ran pousantaj yo tonbe anndan chak kat ran pousantaj yo (1-25, 26-50, 51-75, ak 76-99). Nan yon distribisyon nòmal, yon moun ka atann li genyen 25% elèv ki fè nòt nan chak ka ran yo.

Atik – yon lòt tèm pou kesyon nan yon egzamen.

Echèl Nòt – Nòt angwo ki deja konvèti nan yon echèl ki estanda. Echèl nòt yo bon pou konpare diferan nivo egzamen oubyen fòm egzamen nan menm matyè a.

Egzamen Estanda – yon egzamen kote fason pou pran li, tan pou fini li, materyèl yo, ak pwosedi pou bay nòt yo fèt pou rete menm jan chak fwa yo bay egzamen an pou yo ka asire konparezon nòt yo. Egzamen estanda ka swa baze sou referans ki baze sou kritè oubyen referans ki baze sou nòm.

Egzamen Eta a Mandè – yon egzamen Eta Florid la mande. Nan kèk ka, eta a mande yon egzamen an patikilye tankou *FCAT SSS*. Nan lòt ka, eta mande yon kalite egzamen e distri a chwazi oubyen devlope egzamen an, pa egzanp, *Dosye Lèkti Elèv 3yèm Ane Eskolè* yo bay elèv twazyèm ane eskolè nan dezyèm semès chak ane lekòl ansanm ak egzamen ki baze sou referans nòm, *Evalyasyon Altènatif pou Pwomosyon nan 3yèm Ane Eskolè*, yo bay nan ete chak ane lekòl, pou elèv ki pa pase twazyèm ane.

Egzamen ki Baze sou Kritè Referans – yon egzamen ki fèt pou mezire fason yon elèv te aprann ladrès espesifik sou yon matyè. Egzanp egzamen ki baze sou kritè referans, yo konnen tou kòm CRT yo, gen ladan pati lekti *FCAT SSS* la, matematik, syans ak redaksyon.

Egzamen ki Baze sou Referans Nòm – yon egzamen ki konpare pèfòmans yon elèv nan egzamen an ak pèfòmans lòt elèv nan yon gwoup nòm. Yon egzanp egzamen ki baze sou referans nòm, yo konnen kòm yon NRT, se “*Stanford Achievement Test (SAT)*.”

Egzamen Ofisyèl pou Tout Peyi a – yon egzamen gouvènman federal la mande. Yon egzanp yon egzamen ofisyèl pou tout peyi a se “*National Assessment of Educational Progress (NAEP)*” (Evalyasyon Nasyonal sou Pwogrè Edikasyonèl).

Endikasyon – sijè kote yon elèv gen pou l bay yon repons an redaksyon. Nan egzamen “*FCAT Writing+*” la, endikasyon an gen de pati: sityasyon redaksyon an ak fason pou ekri redaksyon an.

Fonksyon Pèfòmans – yon kesyon ki mande elèv yo ekri repons la pase yo chwazi youn nan plizyè chwa oubyen repons. Yo sèvi ak de kalite fonksyon pèfòmans nan egzamen *FCAT SSS* la ki diferan nan longè oubyen konpleksite repons yo atann nan (kesyon ki gen repons kout ak kesyon ki gen repons long).

Kantite Nòt ki Kòrèk – yon nòt ki repòte kantite pwen yon elèv fè angwo nan chak kesyon yon egzamen.

Kesyon ki Gen Plizyè Repons – yon kesyon ki mande pou yon elèv ranpli ti boul nimerik pou jwenn repons la pami yon kantite nimewo.

Kesyon ki Gen Repons ak Plizyè Chwa – yon kesyon ki bay yon elèv plizyè chwa pou li jwenn repons ki kòrèk la.

Konsistans – nivo kote yon egzamen toujou mezire sa l gen pou mezire. Pa egzanzp, yo ka mezire konsistans nan bay menm gwoup moun nan yon egzamen nan diferan okazyon. Si egzamen an konsistan, toude rezilta egzamen yo ap menm.

Materyèl Egzamen ki Pa Sekirize – materyèl anplwaye egzamen an oubyen lòt anplwaye ka wè anvan, pandan, e/oubyen apre egzamen. Egzanzp materyèl egzamen ki pa sekirize se egzamen pwofesè devlope ak egzamen ki enkli nan liv lekòl yo.

Materyèl Egzamen ki Sekirize – materyèl ki dwe sekirize anvan, pandan, e apre egzamen; ki dwe kenbe nan depo a kle lè yo pa an sèvis; e anplwaye lekòl ak lòt anplwaye pa ka wè e/oubyen kopye yo. Egzanzp materyèl egzamen ki sekirize se ti liv egzamen “FCAT SSS” e papyè repons ki ranpli yo.

Mitan – yon nòt ki idantifye mitan valè a nan yon gwoup done. Yon mwaye tonbe anlè mitan an; e lòt mwaye a tonbe anba mitan an.

Mòd – nòt ki parèt pi souvan an oubyen yon gwoup nòt.

Mwayèn – mwayèn aritmetik pou yon gwoup nòt, yo kalkile nan adisyone tout nòt yo ansanm epi divize total la pa kantite nòt ki nan yon gwoup.

Nivo Akonplisman – reprezante nivo metriz ki baze sou jijman pwofesyonèl komite edikatè ak sitwayen yo. Pa egzanzp, nan “FCAT Sunshine State Standards (SSS)” (*Egzamen Estanda FCAT SSS Eta Florid*) la gen senk nivo akonplisman avèk 1 ki reprezante nivo pi ba a e 5 ki reprezante nivo pi wo a.

Nòt sou Echèl Devlopman – yon nòt yo itilize pou detèmine pwogrè anyèl yon elèv soti nan yon ane eskolè rive nan yon lòt. Pa egzanzp, nòt sou echèl devlopman *egzamen FCAT SSS* la varye ant 86 ak 3008 atravè 3yèm a 10yèm ane eskolè.

Nòt sou Gwoup Matyè yo – kantite pwen elèv fè nan chak gwoupman, gwoup, oubyen branch deklarasyon relate ki dekri sa elèv yo dwe konnen e sa yo kapab fè. Pa egzanzp, nan pati Lekti egzamen *FCAT SSS* la genyen plizyè nòt sou gwoup matyè pou Mo ak Fraz ki nan Kontèks; Lide Prensipal, Konplo ak Objektif; Konparezon ak Kòz/Efè; ak Referans e Rechèch.

Pwen Referans – yon deklarasyon espesifik ki dekri sa yon elèv dwe konnen e dwe kapab fè, kòm yon eleman nan *Estanda Eta Florid* yo.

Ran Pousantaj – endike pousantaj yon gwoup referans ki fè nòt egal oubyen mwens pase nòt yon moun te fè. Ran sa a endike pozisyon yon elèv parapò ak elèv nan menm ane eskolè ki te pran egzamen an. Ran pousantaj la ka sèvi pou repòte pèfòmans elèv nan tout matyè yo.

Ran Pousantaj Mitan – pwen mitan yon ran gwoup pousantaj nòt.

Redaksyon Eksplikatif – redaksyon ki bay enfòmasyon, ki eksplike kòman oubyen poukisa, ki klarifye yon pwosesis, oubyen ki defini yon konsèp.

Redaksyon ki Rakonte yon Istwa – redaksyon ki rakonte yon eksperyans pèsònèl oubyen ki bay yon istwa ki baze sou yon evènman reyèl oubyen imajinè.

Redaksyon Konvenkan – Redaksyon ki eseye konvenk lektè a sou validite yon opinyon oubyen lektè a gen pou li pran yon aksyon espesifik.

Ribrik – yon enstriman pou bay nòt oubyen yon kantite kritè yo itilize pou evalye repons yon elèv bay ak yon repons ki deja konstwi.

“Stanines” (Mezi Nòt ki Divize an Nèf Pati) – reprezante pozisyon yon elèv nan yon gwoup referans. Nòt “stanines” yo soti nan 1 pou pi piti nivo rive 9 pou pi wo nivo, avèk 5 ki reprezante pèfòmans mwayèn.

Validite – degre yon egzamen mezire sa l dwe mezire reyèlman. Pa egzanp, egzamen FCAT SSS la dwe direktman e egzakteman mezire konpetans nan Estanda Eta Florid eta a pou l ka yon mezi ki valid nan kourikoulòm nan. Pou yon egzamen ka valid, li dwe konsistan an premye.